



Ankouraje akseptasyon

Chè Nouyòkè,

Pawòl k ap sot nan bouch ou gen konsekans. Yo gen pouvwa. Se yon ide nou mete aksan sou li souvan kòm edikatè ak paran, kit se lè n ap anseye elèv nou yo li, kit se lè n ap ankouraje yo pou pran angajman sivik.

Mwen vle souliye yon dènye chwa mo ki te atire atansyon m. Nan kèk jou, li pral avril, ki se Mwa Akseptasyon Otis. Objektif mwa sa a se pa senpleman pou rekonèt moun ki gen otis. Jan non an di sa klèman an, objektif la se *akseptasyon*.

Youn nan fason nou ankouraje akseptasyon se nan bati konpreyansyon. Mwen ta renmen fè remake yon egzanp patikilye ki soti nan Biwo Edikasyon Espesyal nou an, ki òganize bèl webinar nan seri [Beyond Access Series](#) yo a. Webinar sa yo pataje enfòmasyon sou sipò pou elèv ki gen andikap, epi byenke yo fèt pou fanmi, yo se yon resous ekselan pou estaf ak manm kominote yo tou.

Semèn pase a, nou te gen plis pase 5000 patisipan ki enskri pou yon sesyon sou kòman pou vin yon [Manm paran IEP](#) sètifye, yon wòl kote paran sipòte ak defann lòt paran nan reyinyon IEP

elèv yo. Sa se yon opòtinite nou fèk vini avèk li pou fanmi devlope pwòp ekspètiz ak konpreyansyon yo pandan y ap ede paran parèy yo—Ala yon bon mwayen pou bati yon kilti akeyan ak enklizif!

Nou gen yon lòt webinar k ap rive sou nou nan dat 8 avril. Webinar sa a limenm konsantre sou rekòmandasyon sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services), epi mwen envite fanmi ak estaf pou [enskri](#) jodia. Epi, byenantandi, ou ka toujou ale sou [sitwèb](#) nou an pou jwenn plis enfòmasyon sou travay n ap fè pou reimajine edikasyon espesyal, tankou adopte [plis langaj enklizif](#) epi mete plis [pwogram Nest, Horizon ak AIMS](#), ki anseye elèv ki gen otis nan lekòl pwòp katye yo.

Mwa sa a, an nou fokis sou akseptasyon. Se konsa nou ta renmen tout timoun nou yo santi yo, kèlkeswa idantite yo oswa kote yo soti. Suiv nou nan medya sosyal [@nycschools](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman nou ankouraje apatenans – soti nan [selebre Mwa Istwa Fanm](#) nan mwa mas la rive tou nan [onore Mwa Eritaj Ameriken Arab](#), nan mwa avril sa a – ak kòman nou asire pou yo wè, tandè ak bay tout moun enpòtans.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Video aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn "CC". Klike sou ikòn "Setting" epi chwazi "Subtitles/CC" ("soutit/CC"). Seleksyone "Auto Translate" ("Tradiksyon otomatik") epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).